



Swen Pou Timoun nan Commonwealth la (C3)

Planifikasyon ak Apwòch pou FY26

Objektif: Kenbe angajman anvè previzibilite epi minimize deranjman yo apre de chanjman enpòtan nan de dènye ane fiskal yo.

Rekòmandasyon depans FY26 a dwe rete san patipri, sa ki se yon defi akòz de kwasns pwogram yo.



Bati konfòmite avèk nouvo egzijans legal yo

- Itilize **Evalyasyon manm konsèy** la ak kòmantè piblik yo pou “etabli” yon fòmil
- Asire w ke tout pwogram k ap resevwa C3 yo demontre yon **volonte pou enskri timoun k ap resevwa asistans finansyè pou gadri**.
- Ankouraje pwogram yo pou yo ranpli **kritè salè yo**



Kontinite analiz aplikasyon C3 a ak done sondaj yo idantifye

- 2,200+ nouvo plas depi an Nov 2024
- 89% nan pwogram yo ranpli kritè enskripsyon an a 75% kapasite (4% ogmantasyon depi an Nov 2024)
- 69% nan pwogram yo enskri timoun k ap resevwa CCFA (3% ogmantasyon depi an Nov 2024)

Aksyon FY26 yo

1

Etabli (kenbe) fòmil akyèl la nan FY26

- Pèmèt ane FY26 la foki sou entegre kwasans nan bidjè aktyèl la.
- Bay plis tan pou revize epi konsidere fidbak piblik la/founisè yo
- Krete tan ak yon pwosesis pou devlope epi planifye fòmil ak/oswa lòt ajisteman nan FY27 la.

2

Kontinye ajisteman pwogramatik yo


- Asire w ke tout ajisteman yo mache ak egzijans legal yo epi jere finansman an.
- Atestasyon volonte pou aksepte aplikasyon nan men timoun ki gen CCFA
- Egzijans pou itilizasyon sibvansyon yo foki sou finansman ki baze sou envestisman nan travay mendèv travay la
- Jere aksè a nouvo founisè yo

Revizyon fidbak espas travay la ak konsiderasyon pwopozisyon pou FY27 la pandan otòn lan

Nouvo Egzijans pou Kòmantè Piblik La


Obligasyon legal

“Chak ane, Depatman an dwe revize epi mete ajou fòmil sibvansyon operasyonèl la pou asire ekite ak efikasite nan dirabilite finansyè founisè edikasyon ak swen timoun piti yo. Anvan etablisman oswa yon revizyon fòmil sibvansyon operasyonèl la, depatman an dwe fè yon odyans piblik dapre chapit 30A epi soumèt mizajou yo te pwopoze a bay konsèy la pou apwouve li.”




Kalkil Aktyèl Fòmil C3 a

Kalkil Sibvansyon Mansyèl C3 a



Kalkil Sibvansyon Anyèl C3



Swen Pou Timoun nan Commonwealth la (C3) FY2026 Mosyon Fòmil la

An akò avèk G.L. c. 15D, § 20(c), Depatman Edikasyon ak Swen pou Timoun Piti yo dwe kenbe yon fòmil Swen pou Timoun nan Commonwealth la (C3) pou kalkile peman masyèl bay founisè ki kalifye yo. G.L. c. 15D, § 20(d) etabli egzijans adisyonèl pou fòmil C3 a epi li egzije pou Depatman an revize epi mete fòmil la ajou chak ane epi pou l pran kòmantè piblik la epi pou l òganize yon odyans piblik an akò avèk G.L. c. 20A anvan li etabli oswa revize kritè pou fòmil la.

Pou Fòmil C3 ki pwopoze a vin an vigè, li dwe sibi yon peryòd kòmantè piblik. Se poutèt sa, Depatman an rekòmande pou Konsèy la otorize Komisyonè Edikasyon ak Swen pou Timoun Piti yo pou depoze Fòmil C3 ki pwopoze a bay Sekretè Commonwealth la pou piblikasyon Avi Kòmantè Piblik nan Rejis Massachusetts la. Kidonk, Depatman an ap chèche otorizasyon Konsèy la pou mande kòmantè piblik sou Fòmil C3 ki pwopoze a epi pou òganize yon odyans piblik, ki konsistan avèk direksyon politik Depatman an pwopoze yo epi ki sijè a apwobasyon fòmil final la pa Konsèy la.

DEMENAJMAN: ke Konsèy la, an akò avèk G.L. c. 15D, §§ 3 ak 20, apwouve plan Fòmil C3 ki pwopoze a epi li otorize Komisyonè Edikasyon ak Swen Pou Timoun Piti yo pou depoze yon plan Fòmil C3 ki pwopoze a bay Sekretè Commonwealth la pou piblikasyon yon Avi Kòmantè Piblik nan Rejis Massachusetts la ki konsistan avèk direksyon politik Depatman an pwopoze yo, epi pou fè yon odyans piblik, sijè a apwobasyon Fòmil C3 final la pa Konsèy la.